

Konsiderasyon Enpòtan Konsènan Sekirite nan Zafè Sikilasyon pou Prentan 2024 la


22 Janvyè 2024

Chè kominote inivèsité,

Pandan n ap fè preparasyon pou kòmansman semès prentan an, m ap pataje chanjman ki fèt sou kanpis la ki gen rapò ak konstriksyon tren lejè sou ray Purple Line lan. Pi ba a n ap jwenn enfòmasyon enpòtan sou sekirite fewovye pou pyeton, bisiklèt epi moun k ap itilize veyikil mikwomobilite ansanm ak pou veyikil sa yo.

Sekirite w enpòtan pou nou. N ap siveye san kanpe kondisyon yo sou kanpis la epi n ap fè ajisteman si sa nesèsè.

Itilizatè Bisiklèt ak Mikwomobilite: Enfòmasyon Enpòtan sou Sekirite Fewovye pou Espas ki fèt pou Deplasman sou Kanpis la (Campus Drive)



Espas pou Deplasman sou Kanpis lan, nan nwayo kanpis la, genyen kounya ray pou tren lejè ki entegre nan wout la. Nou envite siklis yo, itilizatè eskoutè elektrik yo ak itilizatè chèz woulant yo pou yo fè pridan lè y ap deplase toupre ray yo akòz espas vid ki pa anndan ray yo.

Semèn sa, **yon nouvo chemen tanporè pou bisiklèt** pral ouvri sou bò nò Campus Drive lan ant Regents Drive ak Stamp Student Union (Sant Aktivite

Etidyan an). Bisiklèt ak veyikil mikwomobilite yo t a dwe itilize chemen sa olye wout nòmal la.

Chemen bisiklèt tanporè a pral anplas jiskaske konstriksyon yon chemen pèmanan fini nan kad pwojè Purple Line lan.

- **Veyikil mikwomobilite yo t a dwe itilize chemen pou bisiklèt ki deziyen yo epi itilizatè chèz woulant yo t a dwe itilize twotwa yo.**
- **Sede pasaj la bay pyeton k ap travèse chemen pou bisiklèt la.**
- **Travèse vwa yo nan yon ang 90 degre.** Travèse vwa yo nan yon ang ki pi piti ka lakòz wou yo rive kole nan espas ki pa anndan ray yo.
- **Toujou fè pridan lè n ap deplase toupre vwa yo.** Evite ray yo lè n ap woule paralèlman ak vwa yo oswa wou nou yo ka rive bloke nan espas ki pa anndan ray yo.

Pyeton yo

- **Detou:** Tout detou pou pyeton yo konfòm ak ADA (Americans with Disabilities Act, Lwa sou Moun ki gen Andikap). Pou plis detay, konsilte [kat detou yo](#).
- **Itilizatè Chèz Woulant yo** Anplis detou sa yo, konsilte epi swiv enfòmasyon sou sekirite fewovye ki pi wo a pou Deplasman sou Kanpis la.
- **Fè pridan lè n ap travèse chemen ki fèt pou bisiklèt la.**

Veyikil yo

Fèmte wout yo gen pou yo sanble ak pa semès otòn yo.

- **Union Lane ouvri pou sikilasyon nan 2 sans** toupre Stamp Student Union (gade [kat](#)).
- **Fèmte wout yo kontinye:**
 - **Fèmte Espas pou Deplasman sou Kanpis la nan lannwit:** Espas pou Deplasman sou Kanpis lan fèmen sòti nan Regents Drive (tou pre Symons Hall) rive nan Union Lane (tou pre Stamp Student Union) chak jou apati 9è p.m. rive 7è a.m. nan demen maten, eksepte lè gen gwo evènman sou kanpis la. Konsilte [kat detou](#) a pou plis detay.
 - **Union Drive:** Union Drive ant Espas pou Deplasman sou Kanpis lan (tou pre Benjamin Building) ak Championship Lane fèmen. Konsilte [kat](#) la pou plis detay.

- **Rosborough Lane:**

- **Wout la fèmen nan lwès Baltimore Avenue** (tou pre Turner Hall ak Rosborough Inn). Lo C1 an aksesib atravè antre sid ki bay sou Baltimore Avenue a epi sòti a ki debouche sou Regents Drive lè w itilize nouvo wout ki fè lyezon ak Lo L la.
- Lès Baltimore Avenue, **wout la fèmen toupre Diamondback Drive.**

N ap raple nou pou n fè pridans epi swiv pano ak siyalè ki afiche yo lè n ap deplasee toupre zòn konstriksyon yo. Jan sa te toujou konn ye a, nou apresye fleksibilite nou pandan pwojè enpòtan sa pou kanpis nou an ak tout rejyon an ap kontinye pwogrese.

Rete Ajou

Pou konnen fèmti wout ak detou ki pi resan yo, tanpri vizite **sit entènèt Purple Line UMD a** pou enpak sou kanpis la ak **sit entènèt ofisyèl Purple Line** lan pou enpak ki andeyò kanpis la.

Pou wout ki aksesib pou pyeton yo, ale sou **Kat anliy Kanpis UMD a**, chwazi onglè "Direksyon" an, epi klike sou "Chemen ki aksesib yo" pou n wè wout sou kanpis la ki aksesib yo.

Pou abònman ak alèt pa mesaj tèks lè Purple Line pwograme yon fèmti twotwa oswa wout ki enpòtan, sèvi ak telefòn mobil ou a pou w voye mo kle "UMDPURPLE" (ou ka ekri l ni an majiskil, ni an miniskil) ale nan **888777**.

Si w gen kesyon oswa si w rankontre pwoblèm pandan w ap deplase atravè kanpis la, tanpri kontakte **purpleline@umd.edu** oswa **301-405-2222**.

Lizay,



Carlo Colella

Vis Prezidan ak Direktè Administratif

Li (Pwonon Maskilen)